Vote se yon Dwa pou Tout Moun!

Enfòmasyon sou Vote pou Moun ki gen Andikap Devlòpmantal, Fanmi yo ak Anplwaye yo

Vote nan eleksyon nasyonal, eta ak lokal nou yo se yon dwa sivil pou tout sitwayen, enkli moun ki andikape yo.

OPWDD sipòte dwa tout moun pou yo vote.

Si w bezwen èd pou w vote, pale ak moun k ap sipòte w yo bonè pou èd ou bezwen an ka disponib nan lè w ap bezwen li an. Jesyonè Swen yo ak anplwaye ajans founisè yo pare pou ede w. Materyèl vòt aksesib disponib nan tout biwo vòt yo.

Fè yon Plan.

Vote mande kèk planifikasyon. Ou ka vote bonè nan nenpòt anplasman pou vote bonè nan konte ou a, eksepte nan Vil Nouyòk kote yo asiyen elektè yo ak yon lokal pou vote bonè dapre adrès yo.

Asosyasyon Oto-Reprezantasyon Eta Nouyòk te kreye yon dokiman ki rele “Plan Mwen pou Vote” pou ede w prepare w pou vote. Li pral gide w nan bagay ou bezwen panse ak fè anvan jou eleksyon an.

Vote!

Suiv plan ou epi pran plezi nan egzèse dwa w pou vote. Selebre patisipasyon w nan demokrasi nou an. Se pou w fyè dèske OU te rann sa posib.

Dat pou Ou Sonje

Dat limit pou w enskri pou vote se 26 oktòb 2024.

Vòt bonè a ap fèt soti 26 oktòb pou rive 3 novanm.

Jou eleksyon an se 5 novanm 2024.

Resous pou Vote

Pou Planifye Vòt ou, ale nan...

- Sit entènèt Asosyasyon Oto-Reprezantasyon Eta Nouyòk la (https://sanys.org/voting/)

Pou Ou Enskri pou Vote, Jwenn Enfòmasyon sou Vòt Bonè, Jwenn Enfòmasyon sou Vòt atravè Korespondans, Idantifye Kote W Ap Vote, epi Enfòme W Sou Dat ak Echeyans yo pou Eleksyon Eta Nouyòk la, vizite...

- Sit entènèt Konsèy Elektoral Konte w la.
- Ou ka jwenn sit entènèt Konsèy Elektoral Konte w la sou sit entènèt Konsèy Elektoral Eta Nouyòk la (www.elections.ny.gov)
- KÒMAN ak KI KOTE Mwen Ka Vote? (voteearlyny.org)

Pou Ou Jwenn Enfòmasyon Sou Vòt Aksesib, vizite...

- https://elections.ny.gov/accessible-voting

Pou Ou Jwenn Enfòmasyon Sou Kandida yo ak Eleksyon an, vizite...

- www.VoteSmart.org
- www.Vote411.org
- Lig Elektè Fanm Eta Nouyòk la (https://lwv.org)

Pou Ou Jwenn Èd Pou Enskri Pou Vote oswa Jwenn Plis enfòmasyon, kontakte...

- Michael Orzel, Ajan Lyezon OPWDD pou Lwa Nasyonal sou Enskripsyon Elektè yo nan michael.orzel@opwdd.ny.gov oswa (518) 474-2757

Enkyetid oswa Kesyon?

Si w rankontre nenpòt pwoblèm lè w ap vote, ou ka kontakte:

- Liy Dirèk Pwoteksyon Eleksyon an nan 1-866-OUR-VOTE oswa
- Sèvis Dwa Moun Andikape yo nan Nouyòk nan mail@DRNY.org, (518) 7861 (liy vokal), 512-3448 (TTY), oswa (800) 993-8982 (Gratis)

NEW YORK STATE | Office for People With Developmental Disabilities